

ARANJMAN YO PWOPOZE POU PWOSÈ KOLEKTIF SOU SWEN KI GEN RAPÒ AVÈK DYABÈT NAN LEKÒL ATRAVÈ LEKÒL LETA DEPATMAN EDIKASYON VIL NOUYÒK TA KA AFEKTE OUMENM OSWA PITIT OU A.

Se yon tribinal ki te otorize avi sa a. Se pa yon demand yon avoka fè.

Pitit ou a ta ka yon manm yon pwosè kolektif yo pwopoze si li:

- a) gen dyabèt tip 1 oswa tip 2; epi**
- b) li nan lekòl leta Depatman Edikasyon Vil Nouyòk kounye a oswa ki pral nan lekòl leta Depatman Edikasyon Vil Nouyòk.**

An 2018, twa timoun ki gen dyabèt, atravè paran yo, ansanm avèk Asosyasyon Ameriken Dyabèt (ansanm, Pleyan yo), te depoze yon plent kont Defandan yo (DOE, Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk, Biwo Sante Lekòl la, ak Vil Nouyòk) pou chèche pi bon swen pou timoun ki gen dyabèt nan lekòl la. Yo rele pwosè sa a *M.F., et al. v. New York City Department of Education, et al.*, Civil No. 18-CV-6109.

An 2022, Defandan yo te fè yon aranjman pou pwosè a lè yo te dakò pou aplike kèk regleman, pratik ak pwosedi. An rezime, aranjman an prevwa pou: 1) amelyore planifikasyon pou elèv ki gen dyabèt nan asire kreyasyon ak adopsyon bon jan Plan Seksyon 504 k ap dekri swen ak akomodasyon ki gen rapò avèk dyabèt, ansuit elèv ki gen dyabèt yo dwe ale lekòl san pwoblèm epi jwenn avantaj edikasyon ak aktivite lekòl la patwone; 2) bay trening pou enfimye lekòl, parapwofesyonèl, pwofesè ak lòt manm estaf lekòl la, chofè otobis yo, ak matwòn yo sou swen pou dyabèt pou satisfè bezwen elèv ki gen dyabèt; 3) asire yo bay swen ak akomodasyon ki gen rapò avèk dyabèt nan anviwonman ki gen mwens restriksyon pou pèmèt elèv la entèaji nan tout degre posib avèk kamarad ki pa gen andikap, nan lide pou limite tan ansèyman rate a ak separasyon ak kamarad klas yo; epi 4) asire elèv ki gen dyabèt gen aksè egal nan lekòl ak aktivite ki gen rapò avèk lekòl la tankou pwomnad, aktivite aprelekòl ak aktivite anplis andeyò kourikoulòm lekòl la patwone, ak yon pwogram manje maten ki gen bon renome, nan egzije pou yo resevwa swen ak akomodasyon nesèsè pou dyabèt pandan aktivite sa yo.

POU PLIS ENFÒMASYON, OSWA POU JWENN YON KOPI TOUT AVI OSWA AKÒ A, ALE SOU DRALEGAL.ORG, VOYE YON IMÈL BAY DIABETESLAWSUIT@DRALEGAL.ORG, OSWA RELE (332) 217-2362.